**दिन–शनिवार** **दिनांक–27.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे विकसित भारत दू हजार सैंतालीस हरेक भारतीय के महत्वाकांक्षा अछि।नीति अयोगक नवम शासी परिषदक बैसक के संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे लोक सभ सँ सोझे जुड़ल रहबाक कारण राज्य एहि उद्देश्य के हासिल करबा मे एक महत्वपूर्ण भूमिका निबाहि सकैत अछि। ओ कहलनि जे भारत के एक विकसित राष्ट्र बनेबाक दिशा मे ई प्रगति के माध्यम अछि। श्री मोदी कहलनि जे देश सही दिशा मे आगाँ बढ़ि रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे विकसित भारत दू हजार सैंतालीसक सपना के सभ राज्यक सम्मिलित प्रयास सँ पूरा कयल जा सकैत अछि। ओ कहलनि जे विकसित राज्य विकसित भारत बनाओत। प्रधानमंत्री कहलनि जे भारत के दू हजार सैंतालीस धरि विकसित बनेबाक लेल कौशल अनुसंधान नवाचार आ रोजगार आधारित जनतबक आवश्यकता अछि।

---

नीति आयोगक शासी परिषदक बैसक प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अध्यक्षता मे राष्ट्रपति भवनक सांस्कृतिक केन्द्र मे आयोजित कयल गेल। एहि बैसक मे सभ राज्यक मुख्यमंत्री आ केन्द्रशासित प्रदेशक उपराज्यपाल, पदेन सदस्यक रूप मे केन्द्रीय मंत्री विशेष आमंत्रित सदस्य तथा नीति आयोगक उपाध्यक्ष सुमन बेरी तथा सदस्य लोकनि भाग लेलनि।

---

केन्द्रीय ग्रामीण विकास राज्य मंत्री कमलेश पासवान कहलनि जे आम बजट युवा, किसान, महिला आ गरीब सभ के समर्पित अछि। दरभंगा के लहेरियासराय मे पत्रकार लोकनि सँ वार्ता करैत श्री पासवान कहलनि जे अमृतकालक ई बजट प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के दूरदर्शी विजन आ विकसित भारत के दर्शऽबैत अछि। श्री पासवान कहलनि जे ई बजट किसान लोकनि के आत्मनिर्भर बनेबाक लेल समर्पित अछि।

---

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी – एनटीए राष्ट्रीय पात्रता सह प्रवेश परीक्षा नीट –यूजी के संशोधित परिणाम जारी कऽ देलक अछि। देशभरि मे तेईस लाख तैंतीस हजार दू सय संतानवे अभ्यर्थी मे सँ तेरह लाख पंद्रह हजार आठ सय तिरपन अभ्यर्थी सफल भेलाह अछि। संशोधित परिणाम मे सत्रह उम्मीदवार टॉपर भेलाह अछि। पछिला परिणाम मे टॉपर के संख्या सड़सठि छल। दरभंगा के माजीन मनसूर सात सय बीस मे सँ सात सय बीस अंक आनि कऽ टॉपर बनलाह अछि। मैरिट लिस्ट मे पहिने सय छात्र मे सँ बिहारक पांच छात्र अपन स्थान बनौने छलाह।

————————————————————————

पटना उच्च न्यायालयक मुख्य न्यायाधीश न्यायामूर्ति के. विनोद चंद्रन कहलनि जे आपराधिक घटना सभ पर लोक सभ आक्रोशित होयब समाज मे आम बात अछि। एहि सँ न्यायाधीश, अनुसंधानकर्ता आ अभियोजक लोकनि के प्रभावित नहि हेबाक चाही। तीन नव आपराधिक कानून पर आइ सँ पटना के ज्ञान भवन मे शुरू भेल दू दिवसीय कार्यशाला के संबोधित करैत न्यायामूर्ति चंद्रन कहलनि जे उत्तम आ वैज्ञानिक अनुसंधानक लेल बिहार मे फॉरेंसिक इन्फ्रास्ट्रक्चर के मजगूत करबाक आवश्यकता अछि। कार्यशाला मे कतेको अधिवक्ता, लोक अभियोजक, सहायक अभियोजक अधिकारी भाग लेलनि।

————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि भोरे एगारह बजे आकाशवाणी के मन की बात कार्यक्रमक अंतर्गत देश–विदेशक लोक सभ संग अपन विचार साझा करताह। ई रेडियो के मासिक कार्यक्रमक एक सय बारहम कड़ी अछि। ई कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ नेटवर्क, एआईआर न्यूज वेबसाईट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल ऐप पर प्रसारित कयल जायत। आकाशवाणी के यूट्यूब चैनल, डी.डी. न्यूज, पीएमओ आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक चैनल सभ पर सेहो एकर सीधा प्रसारण कयल जायत। प्रधानमंत्री के कार्यक्रमक तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणी के दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत।

————————————————————————

भारतीय जनता पार्टी शासित राज्य सभक मुख्यमंत्री लोकनिक आइ सांझ नव दिल्ली मे बैसक भऽ रहल अछि। भाजपा मुख्यालय मे होबऽबला एहि बैसक मे पार्टीक वरिष्ठ नेता लोकनि सेहो सम्मिलित भेलाह।

————————————————————————

पूर्व विधायक आ जदयूक महासचिव तथा प्रवक्ता राजीव रंजन के पार्थिव शरीर आइ विधानसभा परिसर मे आनल गेल। जतऽ विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव, जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी, सूचना आ जनसंपर्क मंत्री महेश्वर हजारी आ कतेको गणमान्य लोकनि हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। हुनक काल्हि नव दिल्ली मे असामयिक निधन भऽ गेल छलनि।

---

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर शिक्षक लोकनि सँ बच्चा सभ के प्रेरणादायक किताब आ अखबार पढ़बाक हेतू प्रेरित करबाक लेल कहलनि। श्री आर्लेकर पटनाक खगौल स्थित डीएवी पब्लिक स्कूल के शिक्षक आ छात्र लोकनिक संग संवाद कऽ रहल छलाह। ओ बच्चा सभक बीच मोबाईल के बेसी प्रयोगक आदत पर चिंता व्यक्त करैत कहलनि जे एहि लेल विशेष हद तक अभिभावक लोकनि जिम्मेदार छथि। ओ कहलनि जे किताब आ अखबार पढ़ाबाक अलावे लिखबाक आदत बनि गेला सँ बच्चा सभ मे मोबाईलक आदत कम भऽ जायत। एहि अवसर पर आन लोक सभक अलावे स्कूल के प्राचार्य सह क्षेत्रीय अधिकारी एस. के. झा अपन विचार व्यक्त कयलनि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।